

# New Jersey ak FEMA angaje nan bay Aksè egal pou sivivan Ida.

---

Release Date: Oct 15, 2021

Tout sinistre katastwòf la genyen aksè egal pou jwenn enfòmasyon sou pwogram federal asistans pou katastwòf, ki genyen ladan kòman pou aplike pou yo.

Eta New York ak FEMA angaje yo pou ede tout moun Rès Siklòn Ida afekte, genyen ladan yo sa ki genyen andikap epi bezwen aksè ak bezwen fonksyonèl. Si ou bezwen yon aranjman oswa asistans akòz yon andikap oswa aksè, tanpri fè FEMA konnen lè ou aplike pou asistans oswa nenpòt lè nan moman pwosesis èd pou katastwòf lan.

Sinistre nan **Bergen, Essex, Gloucester, Hudson, Hunterdon, Mercer, Middlesex, Morris, Passaic, Somerset, Union ak Warren** konte yo ka aplike pou asistans dezans nan men FEMA pou reparasyon kay. ak lòt depans nesèsè ki gen rapò ak dezans. Dega ak pèt nan rezidans prensipal yo dwe fèt 1 septanm 3, 2021.

## Bezwen Aksè Egal? jis mande

FEMA ka bay entèprèt, titrè an tan reyèl, ak enfòmasyon nan lòt fòm tankou gwo lèt, vèsyon odyo ak elektwonik, ak bray Ajans yo founi tou sèvis gratis pou ede moun kominike ak ekip pèsonèl FEMA epi konprann pwogram li yo. Pami èd sa yo genyen:

- Enfòmasyon disponib sou fòm elektwonik aksesib nan sit entènèt ak medya sosyal FEMA
- Entèprèt ki kalifye pou lang siy
- Entèprèt plizyè lang kalifye
- Enfòmasyon ki ekri nan plizyè lang

## Èd fas a fas disponib



**FEMA**

Page 1 of 2

FEMA louvri Sant Rekiperasyon Dezas kote ou ka rankontre fas-a-fas ak reprezantan FEMA ak Administrasyon Ti Biznis Etazini pou jwenn enfòmasyon sou asistans pou katastwòf ki disponib pou ou. Pou jwenn yon sant rekiperasyon tou pre w, vizite [fema.gov/drc](https://fema.gov/drc) oswa tèks **DRC nan 43362** Ou ka peye pou mesaj ak done yo.

Chak DRC ekipe ak iPads ak yon koneksyon dirèk nan sèvis entèpretasyon videyo aleka si Lang Siy se metòd ou pi pito nan kominikasyon.

Pou plis resous anliy, ak depliyon FEMA ak lòt èd ou kapab telechaje, vizite [www.disasterassistance.gov](https://www.disasterassistance.gov) epi klike sou “Enfòmasyon”.



**FEMA**